# <u>आकाशवाणी, गोरखपुर</u>

## दिनांक–31 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

अनाधिकृत ई–रिक्शा अउर टेम्पू के खिलाफ बिहने से प्रदेस भर में अभियान चलावल जाई। आम लोगिन अउर यात्रियन क सुरक्षा के देखत तीस अपरैल ले चले वाला अभियान क रिपोर्ट परिवहन विभाग के ओरि से हर सुक्क के मुख्यमंत्री कार्यालय के उपलब्ध करावल जाई। परिवहन आयुक्त ब्रजेश नारायण सिंह बतवलें कि येह अभियान में ईहो सुनिस्चित कइल जाई कि ई–रेक्सा चाहे टेम्पू क स्टीयरिंग नाबालिग लइका के हाथे में न होखे। अभियान क रोजाना मॉनिटरिंग बदे अपर परिवहन आयुक्त प्रवर्तन संजय सिंह के मुख्यालय स्तर पर नोडल अधिकारी बनावल गइल हौ।

**********

प्रदेस में एगो बड़हन प्रसासनिक फेरबदल करत इलाहाबाद उच्च न्यायालय पांच सौ बेयासी न्यायिक अधिकारियन क तबादिला कइले हवे। एहमें दुइ सौ छत्तीस अतिरिक्त जिला अउर सत्र न्यायाधीस, दुइ सौ सात सीनियर सिविल जज अउर एक सौ ओन्तालीस जूनियर सिविल जज सामिल हवें। सलाना तबादिला क ई आदेस काल्हि संझा इलाहाबाद उच्च न्यायालय क संयुक्त रजिस्ट्रार सतीश कुमार पुष्कर जारी कइलें। सज्जो अधिकारियन के जुरते नया जगहि पर पदभार सम्हरले क आदेस दीहल गइल हौ।

**********

केन्द्रीय स्वास्थ्य राज्य मंत्री अनुप्रिया पटेल कहले हइनि कि आयुष्मान भारत योजना में पनरह करोड़ महिला लोगि अबले स्तन कैंसर क जांचि करवा चुकलि हइनि। नई दिल्ली में ब्रेस्ट इमेजिंग सोसाइटी ऑफ इण्डिया के ओरि से आयोजित भइल मिडटर्म बिसिकॉन–दुइ हजार पचीस के सम्बोधित करत उहां के कहलिनि कि देस भर में दुइ सौ डे–केयर कैंसर केन्द्र बनावल जा रहल हौ। उहां के कहलिनि कि जागरूकता क कमी के नाते येह बेमारी के मरीजन क संख्या बढ़ि रहल हौ।

**********

बेसिक शिक्षा परिषद के ओरि से चलावल जा रहल स्कूल बिहने से खुलि जइहें। पहिलका दिन्ने लइकन के तिलक लगा के स्वागत कइल जाई अउर उन्हें किताबि बांटल जाई। जौनपुर में बेसिक शिक्षा क नया सैक्षिक सत्र क सुभारम्भ राज्य मंत्री गिरीश चन्द्र यादव करिहें। एगो रिपोर्ट–

***नए सत्र के पहले दिन विद्यालयों को आकर्षक रूप से सजाकर छात्रों का स्वागत करने की तैयारी है।जिला बेसिक शिक्षा अधिकारी डॉ. गोरखनाथ पटेल ने बताया कि नगर पालिका के मैदान पर एक अप्रैल को राज्यमंत्री गिरीश चंद्र यादव नए सत्र का शुभारंभ करेंगे। पहले दिन सभी विद्यालयों में पुस्तकों के वितरण का शुभारंभ किया जाएगा। आकाशवाणी समाचार के लिए राहुल यादव जौनपुर।***

**********

सद्भाव अउर भाइचारा क तिउहार ईद आजु पूरा देस अउर प्रदेस में उछाह के साथे मनावल जा रहल हौ। ई तिउहार इस्लाम धरम क पवित्तर रमजान महिन्ना खतम भइले पर मनावल जाला। ईद के मौका पर आजु प्रदेस भर के ईदगाहन अउर बड़ी मस्जिदन में नमाज अदा कइल गइल एगो रिपोर्ट–

***प्रदेश में आज ईद की विशेष नमाज शांति और भाईचारे के साथ अदा की गई। राज्यपाल आनंदीबेन पटेल और मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने लोगों को ईद की बधाई दी। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने अपने संदेश में कहा कि ईद–उल–फितर खुशी और सौहार्द का त्यौहार है। आगरा में, ताजमहल परिसर में मस्जिद में नमाज अदा की गई। किसी भी अप्रिय घटना को रोकने के लिए पूरे राज्य में सुरक्षा व्यवस्था के कड़े इंतजाम किए गए। यातायात की आवाजाही को नियंत्रित करने के लिए सभी प्रमुख स्थानों पर पुलिसकर्मियों को तैनात किया गया। ओम अवस्थी, आकाशवाणी समाचार, लखनऊ।***

ईद क नमाज अदा कइले के बादे से लोगि अपने रिस्तेदारन अउर दोस्त लोगिन से मिलि रहल हवें अउर एक–दुसरे के सुभकामना दे रहल हवें। बाबा विश्वनाथ क नगरी बनारस में ईद के मौका पर मस्जिद से नमाज पढ़ि के लवटि रहल लोगिन पर सनातनी लोगि गुलाब क पंखुड़ी बरसवलें। गोरखपुर, कुशीनगर, मिर्जापुर, बलरामपुर, बस्ती, बलिया अउर अजोध्या के सथहीं प्रदेस के सज्जो जिला में ईद क तिउहार सद्भाव अउर भाइचारा के साथे मनावल गइल।

**********

चइत नवरातर क दुसरका दिन्ने आजु माई दुर्गा क दूसरका स्वरूप माता ब्रह्मचारिणी अउर तिसरका स्वरूप माता चन्द्रघंटा क पूजा कइल जा रहल हौ। बलरामपुर के तुलसीपुर में मसहूर सक्तिपीठ देवीपाटन मंदिर अउर मिर्जापुर क मसहूर सक्तिपीठ विन्ध्याचल धाम में दरसन–पूजन बदे आजु भोरवें से भक्तन क भारी भीड़ि लागल हौ। विन्ध्याचल धाम पहुंचे वाले सरधालु त्रिकोंण पैकरमा राहि पर महाकाली मंदिरो में दरसन–पूजन कइ रहल हवें। बनारस में बालाजी घाट पर मां ब्रह्मचारिणी के मंदिर में आजु भोरवें से भक्तन क लाइनि लागल हवे। मानल जाला कि नवरातर के द्वितीया तिथि पर एइजा दरसन–पूजन कइले पर हर मनोकामना पूरा होला।

**********

म्यांमार अउर थाईलैंड में आइल भुंइडोल में मरल लोगिन क आत्मा के सान्ती बदे कुशीनगर में भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण मंदिर में आजु बौद्ध भिक्षु खास प्रार्थना कइलें। कुशीनगर बौद्ध भिक्षु संघ क अध्यक्ष भदंत एबी ज्ञानेश्वर म्यामार के दुइ सौ लाख बर्मी रूपिया क धनरासि मददि खातिर दीहले हवें।

**********